



**PEMERINTAH KABUPATEN KULON PROGO
DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA
KKG KAPANEWON SENTOLO**

Skretariat: SD Negeri Lebeng, Giyoso, Salamrejo, Sentolo 55664

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER 1 SD/MI
TAHUN PELAJARAN 2020/2021**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VI (Enam)
Hari/ Tanggal : Rabu, 16 September 2020
Waktu : 09.30 – 11.00

No :

Nama :

KD 3.1

Wacan iki wacanen kang pratitis!

Museum Yogya Kembali

Dina Rebo klase Bima belajar luar sekolah menyang Monumen Yogya Kembali. Mangkate jam 09.00, tekan monumen jam 10.15. Bocah- bocah didumi tiket banjur antri mlebu ing monumen.

Monumen Yogya Kembali dumunung ing Jongkang, Sariharjo, Ngaglik, Sleman. Monumen Yogya Kembali pinangka tetenger sejarah mundure tentara Walanda saka Ngayogyakarta tanggal 29 Juni 1949. Monumen dibangun awit prakarsane Kolonel Sugiyarto, wali kota Yogyakarta wektu kuwi. Peresmian monumen lan tandha tangan prasasti tanggal 6 Juli 1989 dening Presiden Suharto.

Bocah- bocah mlebu njujug ing taman sisih ngarep. Ing taman dipajang meriam gawean Rusia lan replika pesawat guntai lan pesawat cureng kang nalika semana digunakake kanggo penyerangan.

Tekan ngarep monument, Pak Guru dhawuh supaya bocah- bocah ora pisah karo klompoke. Saben klompok diparingi lembar tugas sing kudu digarap. Sawise kempul anggone padha maspadakke isine monumen, banjur bali ing sekolahan. Tekan sekolahan ora terus padha mulih, nanging nggarap laporan.

Wenehana tandha ping (x) aksara a, b, c, utawa d ing sangarepe wangsulun kang bener ana ing lembar jawab kang wis cumawis!

1. Sapa sing mrakarsani madege museum Yogya Kembali?
 - a. Presiden Suharto
 - b. Kolonel Sugiyarto
 - c. Sri Sultan Hamengku Buwana IX
 - d. Sri Sultan Hamengku Buwana X
2. Keping weling Pak Guru bareng bocah-bocah tekan ngarep monumen?
 - a. ora pisah karo klompoke
 - b. maspadakke isine monumen
 - c. ngubengi museum nganti kempul
 - d. bali neng sekolahan nggarap laporan
3. Minangka tetenger sejarah mundure tentara Walanda saka Ngayogyakarta. Pitakon kang mathuk kanggo jawaban kuwi yaiku
 - a. Apa sebabe bocah-bocah padha menyang museum?
 - b. Apa ancas tujuanne dibangun museum Yogya Kembali?
 - c. Keping mula bukane dibangun Museum Yogya Kembali?
 - d. Keping carane mbangun Museum Yogya Kembali wektu kuwi?

4. ... museum Yogya Kembali dibangun? Tembung pitakon kang cocok kanggo ngganepi kalimat pitakon kuwi yaiku
 - a. Apa
 - b. Sapa
 - c. Kepiye
 - d. Geneya
5. Monumen Yogya Kembali pinangka **tetenger** sejarah mundure tentara Walanda saka Ngayogyakarta. Tembung **tetenger** tegese
 - a. bukti
 - b. tandha
 - c. jeneng
 - d. pengalaman
6. Ing taman dipajang Meriam gawean Rusia lan **replika** pesawat guntai lan pesawat cureng. Tembung **replika** tegese
 - a. simbul
 - b. wujud
 - c. tetiron
 - d. wujud

Wacanen paragraf iki, kanggo njawab soal nomor 7 lan 8

Bangunan museum Monumen Pahlawan Pancasila kathi arsitektur omah joglo. Sajrone joglo ana luwangan loro kang kanggo ngubur Kolonel Katamso lan Letnan Kolonel Sugiyono. Sakidul luwangan ana patung Garuda Pancasila tiga dimensi. Ing iring lor ana patung Brigjen TNI Anumerta Katamso lan Kolonel Sugiyono marep ngalor.

7. Ukara baku (kalimat utama) ing paragraf kuwi, yaiku
 - a. Sakidul luwangan ana patung Garuda pancasila tiga dimensi.
 - b. Ing iring lor ana patung Brigjen TNI anumerta Katamso lan kolonel Sugiyono.
 - c. Bangunan museum Monumen Pahlawan Pancasila kanthi arsitektur omah joglo.
 - d. Sajrone joglo ana luwangan loro kanggo ngubur kolonel katamsa lan Letkol Sugiyana.
8. Gagasan pokok ing paragraf kuwi, yaiku
 - a. patung pahlawan
 - b. patung Garuda Pancasila
 - c. papan kuburane Brigjen Katamso lan Kolonel Sugiyono
 - d. arsitektur bangunan museum Monumen Pahlawan Pancasila
9. Museum Wayang Kekayon **dumunung** ing Jalan Raya Yogya - Wonosari. Tembung dumunung tegese
 - a. penere
 - b. pas-pase
 - c. arah- arahe.
 - d. panggonane
10. Museum biasane nyediaake fasilitas ruang **cinderamata**, kafe, parkir kang jembar tur eyup. Tembung cinderamata nduweni teges
 - a. barang kanggo hadiah
 - b. barang kanggo oleh-oleh

- c. barang kanggo kenang-kenangan
- d. barang kanggo menehi kancane

KD 3.2

11. Manuk emprit mencok godhong tebu,
Dadi murid ...
Kanggo ngganepi parikan kuwi kang trep, yaiku
 - a. seneng tebu
 - b. gampang nesu
 - c. ngguya-ngguyu
 - d. sing sregeb sinau
12. Manuk kutut, manggunge banter
Yen ra manut, bisa **keblinger**
Tembung keblinger tegese
 - a. kleru anggone tumindak
 - b. salah dalan sing dituju
 - c. kesasar olehe menggok
 - d. nekat sak karepe dhewe
13. Jenise tembang ana werna telu, yaiku tembang gedhe, tembang tengahan, lan tembang cilik utawa macapat. Tembang sing kalebu macapat yaiku ...
 - a. Girisa, Kinanthi, Gambuh
 - b. Mijil, Gambuh, Dhandhanggula
 - c. Balabak, Wirangrong, Jurudemung
 - d. Kusumastuti, Kusumawicitra, Maduretna
14. Ing tembang ana kang diarani **guru wilangan**.
Maksude guru wilangan yaiku
 - a. tibane swara saben larik
 - b. akehe larikan saben sapada
 - c. cacahing wanda ing saben gatra
 - d. dhong-dhinging swara ing pungkasaning gatra
15. Waspadakna tembang Mijil iki!

Mijil

Poma kaki padha dipun eling,
Ing pitutur ingong,
Sira uga satriya arane,
Kudu anteng jatmika ing budi,
Ruruh sarta wasis,
Samubarang ipun.

Guru wilangan lan guru lagu tembang Mijil yaiku

- a. 10i – 6o – 11e – 10i – 5i – 6u
- b. 11i – 6o – 10e – 10i – 6i – 6u
- c. 10i – 6o – 10e – 10i – 6i – 6u
- d. 10i – 6o – 11e – 11i – 6i – 6u

KD 3.3

16. Kang diarani Perang Baratayuda yaiku
 - a. perang kanggo adu kekuatan siji mungsuh siji

- b. perange satriya sing dikawal Punakawan mungsuh para buta
- c. perang antarane Prabu Pandhudewanata karo Prabu Tremboko
- d. perang antarane keluarga Pandhawa nglawan keluarga Kurawa

17. Sing dadi penyebab Perang Baratayuda yaiku

- a. perang kanggo mbela negara Ngastina saka watak dur angkara murka
- b. perang kanggo mbuktekake menawa pandhawa pancen sekti mandraguna
- c. para Pandhawa arep bales amarga wis digawe cilaka lan disiksa karo para Kurawa
- d. anak-anake Pandhu Dewanata arep njaluk bali negara Ngastina saka tangane Kurawa

18. Gatekna gambar wayang iki!



Tokoh wayang iki asmane ... lan satriya saka

- a. Janaka satriya Pringgandani
- b. Werkudara satriya Jodhipati
- c. Arjuna satriya Madukara
- d. Nakula satriya Sawo Jajar

19. Prabu Kresna ndhawuhi Raden Gathutkaca minangka senapati Pandhawa ngadhepi senapati Ngastina, Prabu Karna. Nampa dhawuh minangka senapati, Raden Gathutkaca mongkog lan seneng atine. Wis sawetara Raden Gathutkaca ngarep-arep kepengin dadi senapati labuh marang nusa lan bangsa. Raden Gathutkaca kepengin numpes Kurawa sing duwe watak culika.

Piwulang budi pekerti kang mathuk karo crita wayang ing dhuwur yaiku

- a. tumindak grusah-grusuh
- b. ngendelake marang kadigdayane
- c. ngutamakake kepentinganane dhewe
- d. netepi dharmane satriya utama mbela negara

20. Putrane pembarep Pandhu Dewanata kang nduweni watak sabar lan narima, setya lan tresna marang sapatidha-padha, jujur, gandrung marang kautaman lan adil para marta yaiku



a



b



c

